


# CHINYORWA PAMADZIRO

 Chino zvachiri Chitatu manheru, ndakavimbisa manheru apfuura kuzo...ndaizotaura, kana Ishe vakatendera, manheru ano, pachidzidzo chekuti *Chinyorwa Pamadziro*. Chakanyanya, oo, tinogona kutora mavhiki pachidzidzo ichi, uye tikasatombomaranzura pamusoro pachu. Asi ndichaedza kutsanangura zvishoma zvacho manheru ano, nerubatsiro rweMweya Mutsvene. Uye zvino ndinoda kuverenga kubva kuna Dhanieri, chitsauko 5 uye ndima 25. Uye Inoverengwa sezvizvi:

*Zvino ichi ndicho chinyorwa chakanyorwa, MENE, MENE, TEKERE, UFARSINI.*

Uye zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pane Kuverenga uku.

<sup>2</sup> Zvino handizive kana hama yedu yakanaka, muchengeti wepano, kana ingandizimirawo zvienda zvakajeka izvi. Ndiri ku—ku...Chiri kupenya chichidzika zasi nekuno. Ndatenda, zvikurusa. Handisi kukwanisa kuona ungoro. Zvino kana ndichitaura naani zvake, ndinoda kuvatarisa kumeso pandinenge ndichitaura. Zvinongoita sekuti unenge uchinyatsoonana nevanhu.

<sup>3</sup> Zvino tiri kuvimba naShe wedu, manheru ano, patiri kungoedza kutora nguva yangu ndichitaura pamusoro pechidzidzo ichi. Ndinoziva kuti chidzidzo chikuru. Uye ndechekuvhangera mushumi...chidzidzo ichi, uye hachisi chimwe chekupodza kwaMwari. Asi ndechekupodza kukurusa kwaMwari. Mutumbi unonyanyisa kurwara wandinoziva manheru ano, ndiwo Mutumbi wepamweya waShe wedu Jesu, panyika ino; wakabvaruka zvikuru, uye nekupwanyika, kusvikira Uri kuda chaizvo kupodza kwaMwari.

<sup>4</sup> Zvino, chidzidzo chedu manheru ano chinotangira muBhabhironi. Uye Bhabhironi rakanga riri kwekutanga, kunova ndiko kwarichiri nazvino, muShinari. Uye rakatanga richidaidzwa kunzi, “suwo raMwari,” *Bhabheri*. Bhabheri, uye gare-gare rikazonzi *Bhabhironi*, zvinoreva kuti “nyonga-nyonga.” Uye Bhabhironi rinoonekwa kwekutanga kweBhaibheri, muna Genesi; uye rinoonekwa pakati peBhaibheri; uye rinoonekwa kwekupedzisira kweBhaibheri, Bhuku rekupedzisira, Zvakazarurwa. Uye nekuti riri muBhaibheri rose, rinofanirwa kunge ritoripo nanhasi uno.

<sup>5</sup> Uye, zvakarewo, zvinhu zvese zviru panyika nhasi, munzira yezvemweya, zvakaita seMweya waMwari nemweya wadhiyabhore, uye mapoka ese anotenda zvakatsauka nezvose zvatinaizvo nhasi munyika, zvakatangira muna Genesi. *Genesi*

zvinoreva “mavambo.” Uye zvinhu zvese izvozvo, zvakadaro zviriri pasi perimwe zita uye pasi pechimwe chimiro, asi mweya mumwe chetewo wakatanga muna Genesi, unozviburitsa. Uye zvakangofanana nemuti uchikura, uchikwira kuuya kumusoro, uko wese unosvika kunhongonya pakupedzisira, kuitira kutonga kukuru kwaMwari, apo paVachagadzirisa zvinhu zvese. Uye zvese zvakava nemavambo zvichava nemagumo. Zvinhu izvozvo zvega zvisina mavambo ndizvo zvisina magumo.

<sup>6</sup> Ndicho chikonzero mu—Mukristu akazvarwa patsva haana magumo, nekuti ane Hupenyu Husingaperi. Uye Hupenyu Husingaperi chikamu cheHupenyu hwaMwari pachaVo, nekuti Mwari ndevaZiyendanakuenda. Uye shoko rimwe chete, rechiGiriki rekuti *Zoe* rinoti “Hupenyu hwaMwari,” apo Jesu anotaura uye akati, “Ndinovapa Hupenyu Husingaperi,” shoko rimwe chete iroro rinoshandiswa zvakare. Naizvozvo, kana munhu achiberekwa patsva, mweya wake unenge washandurwa, uye anova chikamu chaMwari, zvekuti anenge ari mwanakomana waMwari. Uye anongova waZiyendanakuenda saMwari vari vaZiyendanakuenda, nekuti iye chikamu chaMwari, kubudikidza neKuberekwa kwake, Kuberekwa kwepamweya.

<sup>7</sup> Zvino, Bhabhironi rakavambwa nemurume ainzi Nimirodhi, aiva mwanakomana waHamu, murume aive akaipa kwazvo.

<sup>8</sup> Uye Bhabhironi pane imwe nguva raimbova iro guta guru repasi rose. Guta guru iri parakavakwa ikoko, maguta ose maduku, akaripoteredza, aibhadhara mari, mitero, nezvimwe zvakadaro, kuguta guru iri, Bhabhironi.

<sup>9</sup> Uye imomo, kana mukaverenga mune mamwe emabhuku ekare, akaita se *Two Babylons* ra Hislop, uye nenhoroondo zhinji dzekare, muchaona kuti vaiva nemhando dzese dzedzidziso dzisinganzwisike imomo. Vaiva nemukadzi imomo, handikwanise kudaidza zita rake panguva ino, zvino aiwana midzi yakasiyana-siyana uye. . . kubva munyika, uye ogadzira zvimwari kubva kwairi. Zvinotendwa kuti ndizvo zvimwari zvakatorwa naJakobho kubva kuna tezvara vake, zvimwe zvezvimwari zvidzvi izvozvo nezvimwe zvakadaro. Zvingori zvitevedzwa zvidiki, uye kubva muzvinhu izvozvo makabuda mapoka aya anotenda zvakatsauka atinoona munyika nhasi. Kana mukacherechedza hunhu hwazvo, nehunhu hwezvinhu izvi nhasi, hunhu humwe chete.

<sup>10</sup> Saka, Bhabhironi rakanga riri mumupata mukuru iwoyo wakaorerera ipapo, uye rakanga rakakombwa uye richidiridzwa neRwizi Yufatesi, neTaigrisi. Uye yakanga iri nzvimbo huru yezvekurima. Zvino Bhabhironi rakanga riri guta guru kwazvo. Zvino iro, rakada kuita, angangoita mamaira 120 kutenderera guta; mamaira 30 kurutivi rumwe norumwe, zvaizoriita mamaira 120 kutenderera. Vanoti ivo migwagwa

muguta reBhabhironi yakanga yakafara mafiti angaita 200. Masvingo aro akanga akapamhamha mafiti 80, uye ari chaizvo mafiti 200 kureba. Vaikwanisa kuita mijawo yengoro dzemabhiza kutenderera masvingo aya, nengoro. Zvino magedhi aro akanga akagadzirwa nendarira, zvino magedhi iwayo aiva mafiti 200 kufara kwawo. Uye pakati peguta chaipo pakanga pane muzinda, uye muzinda wakanga uri chigaro chehumambo. Zvino nepakati peguta paidarika rwizi rukuru, Yufuratesi. Kana mukazvicherechedza, iguta radhiyabhore, nekuti rakagadzirwa richitevedzera Guta raMwari, seRwizi rweHupenyu rwuri pamberi peChigaro chehumambo. Zvino muguta iri, vaiva nemapindu makuru, ainge ari nechemudenga, achibva pamadziro, mativi ose.

<sup>11</sup> Uye rakanga riri nyika huru, ine simba panguva iyoyo, kusvika rakanga rakurira pasi rose rinozivikanwa, zvino pasi rose raibhadhara mari. Rakanga rabudirira zvikuru mune zvesainzi, uye rakanga riine zvinhu zvemhando ichangoburwa zvaigona kugadzirwa nesainzi. Rakanga riine ngoro dzemabhiza dzichangoburwa, mhando dzichangoburwa dzezvigadzirwa, zvombo zvehondo zvakasimba zvikuru, uye nesimbi dzakanakisisa dzacho. Rakanga rakasiyana nedzimwe nyika dzepasi rose.

<sup>12</sup> Uyezve mukati memasvingo aya, umo Mambo Bherteshazari aiva mambo panguva yechiitiko ichi chatiri kutaura nezvacho manheru ano. Mambo Bherteshazari, uyo anonzi neBhaibheri, “Nebhukadhinezari, aiva baba vake,” asi chokwadi chaicho vaiva asekuru vake vakamusiira humambo, Mambo Nebhukadhinezari.

<sup>13</sup> Uye vazhinji venyu munorangarira kuti Nebhukadhinezari ndiye aiva mavambo ehumambo hweMarudzi, musoro wendarama. Zvino akanga aenda kumusoro kuJerusarema, mamaira mazhinji-zhinji, kure kwazvo, uye akanga atapa maJudha ndokuvaunza zasi muhumambo hwake, uye akavaita nhapwa, akashandisa vezvesainzi vavo nevamwe vakadaro.

<sup>14</sup> Sezvakangaita Russia payakapinda muGermany. Uye ndokusaka vaine bhomba reatomiki, nezvimwe zvakadaro, vakawana vezvesainzi vechiJerimani ava. Ndokusaka vaine budiro iri kumberi kwazvo nhasi uno, vakavatapa ndokudzokera navo kumusoro ikoko. Pachavo, vakanga vasinazvo, asi vakaenda vakanotora zvinhu izvozvo sezvakaita Nebhukadhinezari kumaJudha.

<sup>15</sup> Uye tinoona kuti, panguva iyi, pakanga paine murume akarurama ainzi Dhanieri, muporofita waJehovha, akatorwa muhutapwa panguva iyoyo. Akanga ashumira semuchinda pamusoro pevafemberi vese, nevamwe vakadaro, nevachenjeri neVanzeri venyeredzi, mukutonga kwaMambo Nebhukadhinezari.

16 Uye zvino Bherteshazari ndiye akanga ava nechinzvimbo. Bherteshazari akanga akaita semunhu wemhando yakaipa. Aitongovawo asina hanyi'a.

17 Uye zvakare vanhu vese veBhabhironi, vaine chengetedzo yakadaro seyavaifunga kuti vakanga vanayo! Vangopinda chete mukati memasuwo iwayo, uye masuwo acho opfigwa, nemasvingo akareba mafiti 200, akakora mafiti 80, chimbofungai kuti vanofanira kunge vainzwa kuchengeteka kwakadii vari mumasvingo iwayo!

18 Asi chingorangarira izvi. Zvisinei nokuti sainzi yakuita kuti unzwe kuchengeteka zvakadii, Mwari vanokubata paunotadza! Pane chengetedzo imwe chete, uye ndimo muna Kristu Jesu.

19 Zvino, pavakanzwa kukosha kwavo kukuru kwekuva nyika inotungamira pasi rose, mufananidzo chaiwo, webudiriro yemazuva iwayo yakangofanana neiyoyatiri kurarama mairi, America ino yakakura kwazvo. Uye ndinoita sekuti kanganisikei, pachangu, asi ndinotyira kuti tiri kutora maonero mamwe chetewo avakatora. Zvekuti isu tinonzwa nekuda kwekuti tine, vatinofunga kuti, ndevezvesainzi vepamusoro-soro, uye nezvigwagwagwa zvakanakisisa, nemabhomba eatomiki, nendege dzinomhanya kudarika dzese, uye takaita sekuti. . . Nokuti tiri nyika inotungamira pasi rose, neimwe nzira takanzwa kuchengetedzeka kwedu pasina Mwari.

20 Mufananidzo wakanaka kwazvo. Uye Mwari havafe vakashanduka. Maonero aVo kuchivi ndiwo mamwe chetewo nhasi sezvazvaiva panguva iyoyo. Uye hapana nzvimbo yekuhwanda zasi kuno. Muna Kristu chete ndimo mawakachengeteka.

21 Uye muguta guru iri, semanzwiro avaiita kuti pakanga pasina nzira, pasi rose, yekuti mamwe mauto angamborwisa guta iroro. Madziro makuru, marefu, uye nemidziyo yavo yemazuva iwayo, uye vainge vakavharirwa kubva kunyika yekunze. Asi havana kuziva kuti rudzi rwakaipa rwainzi vaMedhia nevaPeresia, vanova zvino maHindu ekuIndia, havana kuziva kuti chinhabwe chemamaira mazhinji kubva ipapo vakanga vachichera nzira yerwizi, kuti vashandure mafambiro eRwizi Yufuratesi, kuitira kuti vagone kufora nepasi pemasvingo. Pavakanzwa kuti vakachengetedzeka! Nguva dzese vaiita manzwiro iwayo. Kana vakaita manzwiro iwayo, ipapo vaibva vachakwaira muchivi.

22 Zvinoita sekudaro kuti kana munhu asvika panzvimbo yekuti anonzwa kuti ane zvinomukwanira, chivi chinotanga kumubata. Chechi, nyika, munhu sedungamunhu, anonzwa kuti haadi kana betsero inobva kunze, chivi chinotanga kutonga maari. Ichokwadi ichocho. Uye tinocherechedza, zvakare, kuti kana vanhu vave kutanga kunzwa manzwiro iwayo ekuva vepamusoro, kazhinji chivi chinopinda chobva chavaodza.

23 Saka pava kavhara masuwo iwayo, vakafunga kuti vakanga vakachengeteka. Asi Mwari vanotarisa pasi kubva Kumatenga! “Zvino chivi chinhu chinosvoresa kune nyika ipi zvayo.”

24 Handizive, manheru ano, nemidziyo yedu yose mikuru, nengarava dzedu dzepasi pemvura dzinofambiswa nesimba remaatomu, uye nendege dzedu majeti anobhururuka mazana emamaira akawanda pasekondi imwe, idzo zvokutoti, kana kuti, paminiti, dzinotogona chaiko kupfuura chidziviso cheruzha. Asi, musambofa makakanganwa kuti zvivi zvenyu zvichakuwanai!

25 Uye, panguva iyi, vakanga vavhara masuwo iwayo. Uye vakafunga kuti vaizo, vaigona kungorarama mumafaro ekudhakwa pamadiro, nekuti vakanga vakachengetedzeka. Ndivo vaiva nyika yaitungamira, dzimwe nyika dzese dzaitarisira kwavari kune zvesainzi uye paru—parubatsiro.

26 Zvino saka, panguva yakadaro saiyooyo, pakanga paine . . . Mambo uyu akafunga kuti aizozviwanira nguva hurusa yemafaro. Zvino akatarira zuva raaizova nemutambo mukuru kwazvo wedhanzi, kana kuti, sezvandingati, rock-and-roll iri kupisa panguva iyoyo; pasinazve zvimwe. Zvino saka akatarira nguva, uye ndokukoka vese vane mukurumbira, masoja ese nevakuru vemasoja, nevakadzi vese navarongo.

27 Zvino, murongo anongova chipfeve chiri pamutemo. Uye munoono here kuti, kana munhu achinzwa kuti ane zvinomukwanira, anotanga kuchakwaira muchivi?

28 Zvino akadanira zvinwiwa zvinodhaka zvemhando yepamusoro-soro zvaaiikwanisa kuwana, kuitira pati huru iyi yerock-and-roll yaaizova nayo. Akafunga kuti akanga akachengeteka. Akafunga kuti hapana chaigona kumukuvadza, nekuti akanga akachengeteka. Uye akava nemakuwerere makuru aya mune rimwe remapindu aya seri chaiko kwemuzinda wamambo. Zvino vari kunze ikoko mubindu, zvichida vakanga varishongedza rose zvakanaka kwazvo, nehunyerekete hwese hwakaremba, uye vakaita kuti vasikana vose vedhanzi nevakadzi vakawanda vauye kuzovaraidza masoja. Uye dororo ravo newaini yavo! Kana husiri ihwo hurongwa chaihwo hwepati yerock-and-roll iri kupisa panguva ino nhasi, handizive kuti humwe hungava papi. Ndizvo chaizvo. Zvino vakagadzirira zvinhu zvose, uye vaizova nenguva huru.

29 Uye pasina kupokana vakadzi vakawanda vakaroorwa vakauyako. Varume vavo vainge vasiwa kumba sevareri vevana, ivo vachienda havo kunova nenguva yakanaka. Uyewo nerimwe divi, pasina kupokana vamwe amai vaifamba-famba, vaine mwana ari kurwara, apo murume akadhakwa ainge abuda kunova nenguva yakanaka. Chinongova chinhu chimwe chete, kumativi ese.

30 Uye ndinovaona pavanotanga kunwa uye nekuva nenguva huru. Uye ndinogona kufungidzira kuti vakanyatsoridza

bhendi, ndokuva nemimhanzi. Uye vezera rekuyaruka vadiki vachivheyesana-vheyesana. Uye masoja, vakadhakwa, vachibata vakadzi vachivakanda nepamusoro pemisoro yavo, nekuvatsvoda nekugara pasi mumacheya, nekuzhambatata. Vachifunga kuti vainge vakachengeteka!

<sup>31</sup> Oo, America, Mwari vakatarisa pasi papati iyoyo yezvidhakwa, ye rock-and-roll, vakatarisa pauri manheru ano!

<sup>32</sup> Uye vanofanira kunge vakava nenguva yakadini! Uye ndinogona kufungidzira kuti mambo uyu pano, Bherteshazari, aiva Elvis Presley wemazuva avo, aikwanisa kuita zvakawanda zvavo zvinoshamisa zvavaiva nazvo. Uye nekufarisa kwavo kwese, uye vasingazive, nguva dzese, kuti rufu rwakanga rwuri pamusuwo!

<sup>33</sup> Saka, pati iyi payakasvika pakunyatsonakidza, kazhinji sezvakangoita mutambo weHollywood wemazuva ano unobuda paterevhizheni, vakafunga zvekutaura nyn'ambo dzinosetsa pamusoro pekunamata; zvakangoda kuita saArthur Godfrey, kana chimwe chinhu chakadaro chemazuva ano, kana mumwewo Ernie Ford pea-picker, otaura imwe nyn'ambo inosetsa pamusoro pemuparidzi. Asi Mwari vachiri kutarisa pasi kubva Kudenga! Asi vaifunga kuti vanogara munyika yekuti iyo haibatike zvachose. Asi unokohwa zvaunodyara!

<sup>34</sup> Ingozvingwarirai izvozvo, vanhu. Mungave muri nyika, kana chechi, kana sedungamunhu, unokohwa chaunodyara!

<sup>35</sup> Zvino, handiti, ndiri kuona mambo uyu achisimuka, ndokuti, "Imbomirai zvishoma, vasikana, regai timbonzwa imwe nyn'ambo inonakidza pamusoro pemuparidzi," kana chimwewo chakadaro.

<sup>36</sup> Zvino hunyerekete hwese huchipeperekwa, uye madzimai echidiki achiti, "Whoopee! Ehee, ndinotenda kuti tingada kuinzwa iyoyo."

<sup>37</sup> Uye nemasoja echidiki achienderera sevezera rekuyaruka vezuva rino, nekuti rino harina kusiyana neBhabhironi remazuva ano! Ini ndiri wemuAmerica, asi kunyangewo naDhanieri uyu zvakare aiva wemuBhabhironi panguva iyoyo. Asi izvozvo hazvipembedze chivi!

Ndakati kune mumwe musikana imwe nguva, "Uri Mukristu here?"

Akati, "Ndichakupai kunzwisisa kwekuti, ini ndiri wemuAmerica."

Ndakati, "Izvozvo hazvireve chinhu." Kwete zvachose!

<sup>38</sup> Ndinofara kunge ndiri wemuAmerica, asi izvozvo hazvinei nechekuita pakuratidza Chikristu; kana chii zvacho. Kana tikatadza, tiri kuzobhadharira zvivi zvedu, ingovai nechokwadi chazvo.

39 Vaiva nemuporofita ikoko, asi havana kuteerera. Vaiva neMharidzo, asi vaida kuita dambe naYo.

40 Kana isiri iyo America yemazuva ano, ini handiizive. Vane Evhangeri, Chokwadi, asi vanoda kuita dambe naYo.

41 Saka vakati, “Handei zasi tinitora midziyo iya yevaumburuki vatsvene, touya nayo pano tova nenyn’ambo inosetsa kubva pairi.”

42 Mwari havatendere vatadzi kuti vaseke vanhu vaVo! Uchazvibhadharira, rimwe zuva.

43 Zvino vakaenda kunitora midziyo yaJehovha, ndokuiunza mutemberi, uye vari kuzova nekunwa kwakanaka kubva mumidziyo yaJehovha. Zvino pavakadira Oertel’s 92 kana Pabst Blue Ribbon yavo, mairi, kuti vave nenyn’ambo inosetsa kubva pairi, oo, vakasimudza magirazi nemidziyo, ndokutanga kunwa, nekuseka nekuita dambe nechinamoto chaShe. Havaimboziva zvavakange vari kuita.

44 Ndizvowo zviri nyika ino, manheru ano, kusaziva kuti iri kuramba Mharidzo yaIshe Jesu Kristu, murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nokuzvarwa patsva.

45 Kunyangwe vainamata, zvino, pati iya yerock-and-roll yekudhakwa, vaiva vanamati, nekuti Bhaibheri rakataura kuti, “Vakarumbidza zvimwari zvavo.”

46 Saka unogona kuva munamati chaizvo, uye woramba wakatsveyama! Ndizvozvo chaizvo. Hakusi kuperera. “Pane nzira inoita seyakarurama kumunhu, asi magumo ayo inzira yerufu.” Saka vaiva nekereke huru yehurumende, nechinamoto chavaigona kushumira, zvino vakaita dambe nezvinhu zvitsvene zvaMwari.

47 Uye mufananidzo wanhasi uno chaiwo, kuita dambe nezvinhu zvitsvene zvaMwari. Vanodaidza vanhu, vanoedza kurarama zvakachena uye zvakadzikama, uye zvakarurama, vanovadaidza kuti “vechinyakare” kana “muumburuki mutsvene,” kana imwewo mhando yezita rinonyadzisa. Uye vanodana zvipo zvaShe, zvaVari kuita kuti mabasa emweya wetsvina, semuuki kana dhimoni. Oo, mungapukunyuka seiko kutongwa? Ropa revakafira chitendero rinodana richipesana nazvo! Kana Mwari vakasatonga nyika ino nekuda kwechivi chayo chemazuva ano, Vanotofanira kuzomutsa Sodhoma neGomora, uye vokumbira ruregerero nekuda kwekuvaparadza. Ndizvozvo chaizvo. Takananga kunotongwa! Uye zvishamiso zvikuru izvi zvamunoona Muponesi wedu akaropafadzwa achiita, zviratidzo zveyambiro, kuti kutongwa kwava pedyo; zvino zvazadza nyika ino kubva kudivi kuenda kune rimwe divi, kubva Kumabvazuva kusvika Kumadokero, kubva Kuchamhembe kusvika Kumaodzanyemba. Uye vanoZviramba, vanoZviseka, vanoZvishoropodza, vanoZvinyora mumapepa avo se “zvisina maturo.” Pafungei, Bhabhironi remazuva ano!

48 Zvino vakati vachinwa, vachisimudza mikombe yavo mukunwa; kamwe-kamwe, mutambi mukuru uyu wemafirimu, ainzi Bherteshazari, paakanga oda kunwa kubva mukapu yake, maziso ake akaita sekuudyuka, paakacheuka ndokutarira kunhare yemuzinda wamambo, nokuti akanga aona, kuchibva Kudenga, ruoko rweMunhu, uye Rwakatanga kunyora rwuchikwira nekudzika pamadziro.

49 Ndiri kuda kuti mucherechedze, Rwakanyora papurasita. Zvino, zvichida zvigadziko zvemwenje zvavo zvainge zviri kure nehunyerenyete hwavo, pavakanga vachiitira rock-and-roll yavo yaipisa panguva iyoyo, uye zvienda zvaivaima zvichivheneka pamadziro. Mwari havaite zvinhu muchikona!

Pasi chaipo pezvienda, apo Mwari pavanotaura nekufamba. Saka chinyorwa chaVo chemweya chakanga chiri papurasita yemadziro, vachizviona vese zvavo.

50 Uye mambo anofanira kunge ari iye akazviona kutanga, uyu munhu wenyn'ambo wemazuva avo, musetsi chaiye weparedhiyo anogona, mutambi wepaterevhizheni. Paakasimudza girazi, kuti anwe, kana kuti kapu, yaaiva nayo mumaoko ake, maziso ake akaudyuka kubuda kunze, uye akanzwa kuvhundutswa zvikuru. Ndingafungidzira kuti akadaro. Bhaibheri rakataura kuti, "Mapfupa ake ndokurengenduka, asvodogoka." Zvirokwasvo akavhundutswa chaizvo, zvechokwadi. Kana Mwari vatanga kuratidza zviratidzo zvaVo, inguva yekuvhundutswa. Ndizvozvo chaizvo. Zvino paakacherechedza, rwiyo rwake rwerock-and-roll rwakamuita kuti avhunduke chaizvo.

51 Zvino paakacherechedza chinyorwa ichi pamadziro, ndinogona kufungidzira kamudzimai kechidiki kane miromo yako yakapendwa-pendwa sekunge hameno-hameno, uye vhudzi rako rose rakaiswa zvinopenya-penya, uye kachikandidzirwa kwese-kwese, nemasoja aya akadhakwa, kakati, "Nhai chiiko chaitika kumukomana uyu manheru ano?" kachiita munhikwi.

52 Zvino mumwe mujaya ndokukadhonza, akati, "Horaiti, ngatitambe rwunotevera rwacho tese." Zvino mumhanzi ndokumira.

53 Oo, nyika huru ino izere nezvivi, imwe nguva marock-and-roll enyu achamira! Kana mukasateerera kuizwi remuparidzi, muchazoteerera kuruoko rwaMwari mukutongwa rimwe zuva. Asi rock-and-roll ichamira, sezvakangoitawo mabhendi aya, zvino vakaridza *Pedyo*, *Nemi*, *Mwari Wangu* paTitanic. Rimwe zuva muchazochinja chuni iyoyo.

54 Zvino mumhanzi wakamira. Uye vakacherechedza munhu wavo wenyn'ambo, nyanzvi yavo—yavo yepaterevhizheni, zvino, akanga amire, mabvi ake achirovana nekugwagwadza, paakatarisa nekuona chinhu chikuru ichi chichiitika. "Handiti," akati, "masvingo ese akapfigwa kwese kwakakomberedza.



Ndine vatariri vangu vakamira pasuwo, vanhu vangu vanokwanisisa.”

<sup>55</sup> Asi, munoona, hazvitorere Mwari kuti vapinde nepagedhi, nenzira yaunofunga nayo. Vanodzika vachibva muKubwinya! Uye ruoko rwaVo rwakanga rwuchinyora pamadziro.

<sup>56</sup> Zvino nekukasika, iri nzvimbo yemazuva avo, Bhaibheri rakati akadana vauki vake vose, vanzveri vezvemuchadenga, mabhishopi ose, vanachiremba, navanapapa, nemakadhinari, nevamwe vakadaro. Uye akati, “Zvino ndinokuudzai, machinda, ndakakupai mukana wekuparidza nekuita zvamaida kuita. Zvino, ndidudzirirei, iZvo zviri pamadziro.”

<sup>57</sup> Asi sezvazvaingova panguva iyoyo, ndizvo zvazviririwo zvino, vakanga vasina kujairana nechemweya. Hapana chavaiziva nezvaZvo. Vaisaziva kududzira ndimi dzisingazivikanwe. Hapana chavaiziva nezvemutauro weKudenga. Zvino vakashaya kana chekureva. Hapana chavaiziva nezvaZvo. Zvino vese vakati vamire ipapo. . .

<sup>58</sup> Rangarirai, uku ndiko kuunzwa kwehumambo hweMarudzi. Uye sekuuya kwahwakaita huri pasi pechemweya, huchabuda huri pasi pechemweya.

<sup>59</sup> Asi mabhishopi nemakadhinari aya, navanachiremba vakuru, havana kukwanisa kududzira chemweya ichi. Hapana chavaiziva nezvaZvo. Vakatarisa mumabhuku avo ose emaitirwo ezvinhu, uye havana kuwana chinhu chingaenzaniswa naCho. Munoona, zvinhu zvemweya zvinonzwisiswa pamweya. Zvino vese vakabva vakanganisika, uye vakanga vasingazive zvekuita.

<sup>60</sup> Uye, pakupedzisira, mambokadzi mudiki. Rangarirai, akange asiri papati iyi yerock-and-roll. Uye nzira chete yaakaziva nayo kuti kune chinhu chiri kuitika, shoko rakauya kwaari kuti mambo vakanga vavhundutswa zvikuru, uye pati yakanga yamira. Angadai akave mumwe wevatendi vakanaka. Uye, neimwe nzira kana imwewo, akanga ari mumwe akanga asina kukanganwa.

<sup>61</sup> Akamhanyiramo mupati. Zvino paakaona kuti munhu wenyn’ambo wemazuva avo avhundutswa, nebhendi rake rose, akati, “O mambo, raramai nekusingaperi!” Asi akanga asingazive kuti akanga atofa ipapo chaipo. Akati, “Raramai nekusingaperi! Ndinoziva kuti manetseka nechinyorwa icho chiri pamadziro. Uye ndiri kuona papa, nemabhishopi nemakadhinari, navanachiremba vedzidzo yebhaibheri, uye hapana mumwe wavo anogona kuZviverenga. Asi, O, mambo, regai ndikuudzei chimwe chinhu! Kune mumwe murume muhumambo hwenyu, anoziva pamusoro pezvemweya.”

<sup>62</sup> Oo, hama, patiri kuona chinyorwa pamadziro, nhasi, asi pane mumwe Murume anoziva nezvacho. Unogona kunge wakapfuura nemuhofisi yese yachiremba muguta, uye vakakuudza kuti, “Unofanira kufa.” Asi pane mumwe Murume! Unogona kunge

wakachakwaira muchivi kusvikira mweya wako wasviba semadziro egehena akasviba kuti tsva-a, uye wagadzirira kuzviuraya, pasina kana tariro. Asi pane mumwe Murume, uye Zita raKe ndiJesu! Anoziva nezve chemweya ichi. Uye Ari muHumambo hwedu, nekuti tiri vana veHumambo hwaKe. Kune mumwe Murume!

<sup>63</sup> Akati, “Anoziva chemweya ichi, nekuti makore apfuura vakawana Mweya waMwari uri maari. Uye aiva neMweya wakanakisa. Aikwanisa kududzira zviroti, aiona zviratidzo, uye chimwe nechimwe chazvo chaiva chechokwadi chaicho. Saka, musanetseke, ingondipai maminetsi mashoma ndigomuunza pano.”

<sup>64</sup> Pachava nerimwe zuva rauchadana kwaAri! Unogona kunge usina nzvimbo yaKe mumba mako. Wakabatikana zvakananyisa, uchiona terevhizheni, kutamba makasa, kunwa doro, kuenda kumitambo yerock-and-roll. Asi pane imwe nguva yauchazodana kwaAri! Ndizvozvo chaizvo.

<sup>65</sup> Naizvozvo Dhanieri akaunzwa mukati. Zvino paakapinzwamo... Muparidzi wekururama, munhu waMwari! Handingakwanisa kufungidzira munhu waMwari achigara munzvimbo yakaita seyoyo kunze kwekunge adaidzira achipesana nazvo. Asi, munoona, mambo akanga asina kuZviteerera, ndicho chikonzero akanga ari muchinhano chaaiva machiri.

<sup>66</sup> Zvino vakaunza Dhanieri, zvino akati, “Ko vanapapa navanachiremba venyu vatadza nei kukududzirirai?” Vakanga vasina chekududzira nacho.

<sup>67</sup> Saka zvino chii chakaitika? Dhanieri akati, “Oo, Bherteshazari, iwe waiziva zvinhu zvose izvi. Hazvina kuvanzwa kwauri.”

<sup>68</sup> Uye ndinoti kuAmerica! Ndinoshuva kuti dai ndaivaita kuti, panguva ino, vanzwe izwi rangu. Hamusi avo vasingazive zvinhu zvose izvi! Sezvakaita marudzi akatadza kumashure uye vakaita zvatakaita, takayerwa pachikero, uye tikawanikwa tisina kukwana. Chii chakaitika kuFrance? Chii chakaitika kuGermany? Chii chakaitika kune dzimwe nyika dzakaita “zvewaini, zvevakadzi, uye nenguva huru”? Zvinogara zvichibuda nenzira iyoyo, uye hatina kudzivirirwa pane kutongwa. Mwari vane nduramo.

<sup>69</sup> Uye akati, “Baba vako, kuti Mwari vakavaita sei rudzi rukuru, asi vakazvikanganwa. Uye vakaita zvinhu zvimwe chete zvauri kuita, zvino Mwari vakavashandura kuita mhuka yemusango.” Akati, “Iwe unozviziva zvinhu izvi, zvino wobva watora midziyo yaVo mitsvene woita dambe nayo.” Cherechedzai. Akati, “Chinyorwa chatoiswa pamadziro, uye nguva ino mazuva ehumambo hwako ave mashoma.” Nemamwe mashoko, “Hona pano, shamwari, mazuva ako ava mashoma!

Humambo hwako hwatorwa kubva kwauri uye hwapihwa kune rumwe rudzi, rwune utsinye, rudzi rwusina Mwari,” urwo rwaka—rwakaipa sezvavari. Mwari vanoita kuti chivi chirwise chivi. Handizive, nhasi. . .

<sup>70</sup> Panguva imwe chete iyoyo chaiyo, regai nditi kutanga, paakanga akamira ipapo, akatarisa zvakanyorwa izvozo pamadziro, haana kana kumboziva kuti pasi pemasuwo chaipo, ipapo chaipo, vatariri vakanga vauraiwa. Uye masoja akanga ari mumigwagwa, achiuraya vatariri vemuzinda wamambo. Vaitova pamasitepisi. Zvino madzimai iwayo amire ipapo, vari kure nevana vavo, vari kure nevarume vavo, nevarume vabva kumadzimai avo, vose vakadhakwa, vachiteerera imwe mhando yekutamba kwemazuva avo nekufarisa. Zvino masoja akanga ari pamasitepisi, mumaminitsi mashoma mambo aizouraiwa. Boka rose riya revanhu vakadhakwa raizouraiwa, nenyika isingatendi kuti kuna Mwari, yakagarwa nemadhimoni. Uye vakadzi vaizokururwa nhumbi dzavo, vasikana vaduku navose, vobatwa chibharo mumugwagwa; vobva vasimudzwa netsoka dzavo, voroverwa misoro yavo kumadziro. Vovatema vachivatumbura mushure mekunge vararama navo muruchiva; mipengo, yemasoja akadhakwa! Zvakanga zvatova pamukova, nekuti vakayerwa pachikero, vakawanikwa vasina kukwana.

<sup>71</sup> Uye handizive, nhasi uno, mune zvedu zvese zvezazuva ano zviri kuitika, kuseka kwese nekuita dambe neshumiro dzekunamatira vanorwara, vachiseka nekuita dambe neChechi yaMwari mupenyu, vachienderera mberi sezvakataurwa neBhaibheri kuti vaizoita, “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vaine mufananidzo wehumwari, asi vachiramba Simba racho.”

<sup>72</sup> Handizive, muzuva rino patinofunga kuti takachengetedzeka, uye, kamwe-kamwe, toona kuti Russia iri mberi kwedu nemakore 5, mune zvesainzi.

<sup>73</sup> Takaenda kumapati akawandisa. Tikachakwaira zvakanyanyisa muchivi. Chechi yanyanyisa kukotsira, haichina basa nemisangano yeminamoto zvachose. Havana kana hanyin’a. Ivowo, zvakare, vanotaurawo vachipikisa Mweya chaiwo, wechokwadi waMwari mupenyu; havasi kuzova nawo.

Vakanyanyisa kuva sangano, vakanyatsoshongedzwa! Havana kana nguva yemisangano yekunamata, vari pamaterevhizheni nemabhaisikopo, nekungomberereka, uye kumitambo yekudhakwa nezvinhu. Ichokwadi!

<sup>74</sup> Zvinogona kuita sezvakudhara, asi ndizvo zviri kudiwa nenyika nhasi. Pane humbwende hwakawandisa pakubata Evhangeri, vakapfeka magirovhosi erabha. Rinofanira kubatwa nemaoko asina chaakapfekedzwa, neMweya Mutsvene. Chokwadi!

<sup>75</sup> Billy Graham akati, rinenge vhiki kana 2 apfuura, mune imwe yemharidzo dzake, akati, “Nyika ino inogona kuva dunhu riri kure reRussia, chero nguva Russia painodira.” Tiri papi?

<sup>76</sup> Uchatenga marekodhi aElvis Presley, uye wogara kumba usingauye kuchechi kuti unzwe *We Love Lucy*, rimwe remazuva ano! Iwe wayerwa pachikero, ukawanikwa usina kukwana! Chii chaitika? Pane chinyorwa pamadziro!

<sup>77</sup> VekuRussia vakaisa sputnik yatisina kana chatingagone kushandisa pairi, mamaira 500 kubva panyika; uye vanogona kuisa hafu yedhazeni yawo pamusoro peUnited States mumaminetsi 30 anotevera, uye vodanira muno vachiti, “Sarendai, kana kuti mova murwi wemadota mumaminetsi mashoma.” Vanogona kuzviita. Hapana chatingaite kuti tivamise. Zviri mumaoko avo, macommunisti ane hutsinye, asina moyo, asina humwari! Ndizvo zvinoshandiswa naMwari kuita kuti chivi chibude pachena. Zvirokwazvo ndizvo. Kana mukaverenga Bhaibheri, Russia inofanira kuzviita maringe neZvakazarurwa. Zvakanaka, imi vadzidzisi vechiporofita munogona kupesana naZvo, asi ingomirirai kusvika zvapera. Russia yakaiswa pano nechinangwa ichocho chaicho. Bhaibheri rakataura kudaro.

<sup>78</sup> Zvino heinoka iyi ine sputnik. Takaedza kutumira imwe humwe husiku, takafunga kuti taizoita zvimwe chete sezvavakangoitawo; ikasimuka mafiti 3 kubva pasi, ndipo pazvakaperera. Rock-and-roll yakawandisa nechivi! Takayerwa muchikero, uye tikawanikwa tisina kukwana. Mwari, tinzwireiwo tsitsi!

<sup>79</sup> Tichaiti? Chii chingaitika kana vakatumira masputnik iwayo kumusoro nezvombo izvozvo, uye voti, “Sarendai, kana kukuti mova murwi weguruva mumaminetsi 5”? Chokwadika, hurumende yedu, kuti ichengetedze hupenyu, inosarenda. Ndicho chinhu chega chavanogona kuita.

<sup>80</sup> Zvino chii chingazoitika kune vamwe venyu vemuAmerica, isu tose tiri muno; kwete pano, asi ndiri kureva ndichitaura nyika yese? Ndichitaura nyika yese!

<sup>81</sup> Imi tusikana tudiki twakangwarira paduri sehuku, munomhanya netumiromo twenyu tudiki twakapendwa sekunge bukirwa rerozi; uye muchiseka muparidzi ari pakona, ari kuparidza Evhangeri. Uye newe, wezera rekuyaruka mudiki, iwe unofunga kuti une manomano akawanda kupfuura huchenjeri hwaunahwo kuti uzvibate!

<sup>82</sup> Chii chichaitika kwamuri, baba, imi munogara kumba husiku naamai muchiona terevhizheni, uku mwanakomana ari kuvhetemesa motokari, nehanzvadzi yake iri zasi kukabhawa kune imwe nzvimbo, uye ari zasi ikoko achiita rock-and-roll yake? Uye imi muchiona terevhizheni, nekuita dambe neVhangeri!

<sup>83</sup> Chii chichaitika kwauri iwe, nhengo yechechi? Chii chichava mhedzisiro yako? Unogona kuva nezita rako mubhuku rega-rega, rechechi hurusa muguta; asi kunze kwekunge uri pasi pechengetedzo yeRopa ralshe Jesu, uchaparara pamwe chete neavo vachaparara, hapana tariro kwauri.

<sup>84</sup> Chii chichaitika? Kune sputnik kumusoro uko. Uye chii chingazoitika? Nyika yaizosarenda, honguka, ndicho chinhu chega chakanaka chingagona kuitwa nehurumende.

<sup>85</sup> Zvino chii chinozoitika? Masaisai pamusoro pemasaisai, ezvikepe zvakazara nemasoja; masaisai pamusoro pemasaisai, endege; anomhara munyika ino. Vakadzi vanozobatwa chibharo mumigwagwa. Chii chaungaita? Ndeyavo. Wodzingwa pamba pako, vachaitora.

<sup>86</sup> Chii chichaitika kwamuri imi vasikana vechidiki, nemi majaya echidiki, nemi mose panguva iyoyo? Chivi chinofanira kubhadharirwa! Zvisinei nekuti inyika ipi, kana kuti ndiani, anozviita. Sedungamunhu, kana nyika yese, chiri kudzobhadharirwa! Uye boka revanhu vane hutsinye, vasina humwari, vane mazindebvu, masoja echicommunisti aizombunyikidza madzimai enyu ovabata chibharo, vanasikana venyu vechidiki. Uye maizomira mozvifarira, hapana chaungaita nezvazvo.

<sup>87</sup> Chii chinokonzera izvozvo? Nekuti makateerera zvinhu zvakadai sezvirongwa izvi zvepaterevhizheni pamusoro perock-and-roll nechivi, uye mumwewo muparidzi akatonhora ari wetsika asingagone kududzira chemweya. Chinyorwa chiri pamadziro! Ndizvozvo chaizvo! Zvino tayerwa pachikero, tikawanikwa tisina kukwana.

<sup>88</sup> Izvozvo zvingaitika rinhi? Kusati kwaedza mangwanani. Ndiani achazvimisa? Zviedzei. Bhaibheri rinoti zvichaitika.

<sup>89</sup> Asi regai ndikuudzei, izvozvo hazvife zvakabata Chechi yaMwari mupenyu, tinenge taenda panguva iyoyo!

<sup>90</sup> Saka, shamwari, teerera. Kana chinhu ichocho chava pedyo kwazvo, uye tichiona chinyorwa pamadziro, hapana chingatadzisa chinhu ichi kuti chiitike zvino.

<sup>91</sup> America yakaparidzirwa, chemweya chakaitwa, uye nguva nenguva vanofamba vachichakwaira nepamusoro paCho.

<sup>92</sup> Enda kune imwe nyika kune imwe nzvimbo unoita rumutsiriro, zvino wova nevanotendeuka 40 muvhiki rimwe; uye wodzokera mumavhiki 6, hauone kana 4. Dziva rekare rakakukudzwa kusvika rapwa. Mwari vanongova nevane humwe huwandu vaVakasanangura. Uye kana wekupedzisira apinda, zvinovhara musuwo zvobva zvapera.

<sup>93</sup> Zvino hapachina chinosara kunze kwekutongwa kana tsitsi dzarambwa. Zvino hepano patiri pamagumo enzira.

Chemweya chiri kuitwa, Chiri kusekwa uye nokuitwa dambe nacho. Uye chinhu chekupedzisira, Mwari vakauya muSimba raVo Vomene, muMwanakomana waVo Vomene Anodikanwa, kuzoshanda kubudikidza neChechi yaVo, zvino vanoti Ndezve “mashave,” kana, “dhiyabhore.” Chii chimwe chingasara kunze kwekutongwa? Zvino hechino chinyorwa pamadziro!

<sup>94</sup> Asi, kana izvozvo zviri pedyo kudaro, uye chero mudzidzisi upi zvake anoziva kuti Chechi inoenda muKubvutwa kutambudzika kusati kwatanga. Zvino kana izvozvo zviri pedyo zvakadaro, zvichigona kuitika mangwanani asati asvika, ko zvakoti Kubvutwa kwacho? Kuri pedyosa kupfuura izvozvo! Oo, Zita raShe ngarirumbidzwe! Kuuya kwaShe kwave pedyo. Chinyorwa chakanyorwa, uye chakanyorwa muBhaibheri, uye tiri kurarama kuti tichione.

<sup>95</sup> Ungakwanisa here, nekunyengetedza kweizwi rangu, kugamuchira Jesu Kristu panguva ino? “Tendeukai, mubhabhatidzwe,” Petro akadaro, “mumwe nemumwe wenyu, nemuZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene; nekuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure. Nekuti hakuna rimwe zita pasi peDenga rakapihwa pakati pevanhu, ramunofanira kuponeswa naro.” Kunze kwekunge muri vaKristu! Unogona kunge uri muMethodisti, muBaptisti, muPentekosti, muNazarene, muKatorike, wakararika kusvikira wava waKristu! Zvino Kristu anouya mauri, ndiko Kuberekwa patsva neMweya Mutsvene. Mugamuchire manheru ano, patiri kunamata.

<sup>96</sup> Nemisoro yenyu yakakotamiswa. Handingozivawo izvi, kuti vangani vari muno vanoziva kuti chinhu chikuru ichi chichaitika? Unogona kuenda kunorara nemudzimai wako manheru ano, uye mangwanani anenge aenda. Imi, baba naamai, munogona kutsvoda vadiki venyu kuti varare, manheru ano, uye mangwana mangwanani mubhedha mudiki unenge usina chinhu. Uye uchamhanya uchidzika nemugwagwa, kuti uone kuti chii chakaitika kuna Mai Jones, vanenge vaendawo, zvakare. Kubvutwa kwava pedyo, Bhaibheri rakapa pachena.

<sup>97</sup> Zvino mumusangano uno, uchine mukana wacho, sevarume ve—vehuchenjeri, uye nemadzimai ehuchenjeri, wadii wangoteerera kudana ikoko kuri mumoyo mako, woti, “Ishe Mwari, ndizadzeiwo neHupenyu Husingaperi ihwohwo.” Nekuti, kana mweya wako uchiri kuziva nenjere, wakasungwa panyika. Asi Mweya waMwari, unobva Kudenga, unouya mumoyo mako wokupa Mweya Mutsvene, mauri. Kana kutambudzika kwauya, Mweya (Mweya Mutsvene) unodzokera kuMusiki waWo, uye iwe unoenda naWo. Zvisinei kuti unonamata zvakadii, haungaendi kunze kwekunge paine chimwe Chinhu chirimo chinokutora.

<sup>98</sup> Vangani manheru ano, makakotamisa misoro yenyu,

pamberi peMharidzo ino, vangasimudza maoko enyu kuna Kristu, uye moti, “Mwari, ndizadzei neMweya weNyu Mutsvene. Uye kana Mukauya, ndinoda kuenda neMi?” Mungasimudza maoko enyu here? Mwari vakuropafadzei, kwese-kwese muhechi yose. Chaizvo-izvo, maoko 200, kana kudarika, akasimudzwa mudenga.

<sup>99</sup> Shamwari mutadzi, kana usati wambogamuchira Kristu, ungasimudzawo ruoko rwako here panguva ino, woti, “Ishe Jesu, ndinzwireiwo tsitsi?” Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei neche apa, imi kumashure uko. Mumwezve munhu, “Ingondirangariraiwo, Ishe.” Mwari vakuropafadzei neche apa, zasi kuno. Ishe ngavave nemi. “Ndirangarireiwo, O Ishe. Maziso angu achangobva kuvhurwa. Ndinocherechedza kuti pamwe ndakazviti ndiri Mukristu kwenguva refu, asi handisati ndamboziva kuti kuberekwa patsva kudii. Handisati ndambogamuchira Mweya Mutsvene.”

<sup>100</sup> “Naizvozvo, kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangapindi muHumambo, kana kutomboona Humambo hwacho.”

<sup>101</sup> Ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Ndzinzwireiwo tsitsi, O Mweya Mutsvene. Uye paMuchavinga Chechi, nditoreiwo?” Mwari vakuropafadzei, amai. Ko mumwewo munhu, “Ndirangarireiwo, O Mwari.” Ropafadzwai, changamire. Mwari vakuropafadzei, amai. “Ndirangarireiwo, O Mwari.” Mwari vakuropafadzei pano, muchinda wechidiki. Mwari vakuropafadzei neche uko, amai. Kumashure uko, mudzimai wechidiki, kumashure. Uye imi kumashure uko, amai. “Ndzinzwireiwo tsitsi, O Mwari, pandiri kuona chinyorwa chiri pamadziro. Ndine huchenjeri hwakakwana, nhai, hwekuona zvataurwa zvichibva muBhaibheri, manheru ano, kuti uku kudzokorora kwenhorondo.”

<sup>102</sup> Tava kumagumo. Hapana chinogona kubatsira. Chinhu chichaparadza nyika chiri mumaoko evanhu vatadzi.

<sup>103</sup> Pangosara vamwe vashoma. Unogona kunge uri iwe wekupedzisira akagadzwa kuti auye kuna Kristu. Kana iye wekupedzisira auya, kutongwa kunobva kwarova; pachiri kudiwa chinhu chimwe chete bedzi, anogona kunge ari iwe. UngaMugamuchirawo here manheru ano apo takamirira?

<sup>104</sup> Maoko anosvika 20, 30 asimudzwa mudenga. Zvino hatina nzvimbo pano yekudaidza vanhu kuartari, kuunza vanhu pamberi pano, nekuti hatina nzvimbo yacho. Asi ndichakukumbirai, zvechokwadi, oo, ivai makaperera uye muteerere kuizwi reyambiro. Iva wakaperera uye ukumbire Kristu, ipapo chaipo paugere kuti, “Ishe, ndinzwireiwo tsitsi, ini mutadzi, uye mundigamuchire ndisati ndapfuura chidzitiro chetsitsi. Ndisati ndatadza zvokudarika zuva rangu renyasha, ndinzwireiwo tsitsi, Ishe,” zvino Vachazviita.

Zvino namata saizvozvo pandiri kunamata newe.

<sup>105</sup> Ishe vakaropafadzwa, takamira muchinhano chakaipa kwazvo manheru ano. Patiri kuverenga Shoko reNyu, uye tichiziva kuti chero nguva ipi zvayo maredhiyo anogona kupenya, uye mabhendi erock-and-roll otanga kuimba *Pedyo, Nemi, Mwari Wangu*, asi nguva inenge yatopera ipapo, kutongwa kunenge kwasvika. Zvombo zvezvitundumusere zvakanongedzwa kwatiri. Kuparadza, pamamaira nemamaira, nematani nematani e—esimba remaatomu anotsvaira nyika, nezvimwe zvakadaro, zvichazopisa nyika ino yese nemoto. Uye zviri mumaoko evanhu vatadzi. Uye Bhaibheri rakataura kuti ndiyo nzira yazvichaitika nayo. Zvino tiri kuona chinyorwa pamadziro.

<sup>106</sup> O Ishe Mwari, handina kukwana kuedza kuunza Mharidzo yakaita seiyi kuvanhu. Uye ndinonzwa kuva mudiki kwazvo, ndakamira pano, ndichiedza kubata nyaya yakadai, asi Mungandiregererawo here pachikamu changu chekutadza kuzviita. Asi neimwe nzira, kubva mumoyo mangu, ndinoKukumbirai kuti munyudze Mharidzo iyi, nenzira yaMungada, mumoyo yavo, nekuti ndinoona nguva ichiswedera. Zvino ivaiwo netsitsi, Mwari, muponese mumwe nemumwe, muvazadze neMweya Mutsvene. Uye dai vava vana veNyu, vakaputirwa naMwari murunako rweNyu, uye vagamuchire chengetedzo kubva kuna Ishe Jesu.

<sup>107</sup> Nekuti, nyika yedu haina kuchengetedzeka. Taifunga kuti takadaro. Ndizvo zvaifungwawo neHumambo hweBhabhironi kudaro, asi, nguva dzose, pakanga pane rudzi rwakaipa rwaishanda. Uye panga pane rudzi rwakaipa rwange rwuchishanda, kusvika zvino tinoziva kuti vari kumberi kwedu, uye tiri mumaoko avo ivo.

<sup>108</sup> Ishe, Chechi iri mumaoko eNyu. Vachaparadza; asi Muchatora Chechi yeNyu. O Ishe, titorei muchengetedzo yeNyu, madekwana ano. Uye tiropafadzei nekuda kwaJesu; uye muZita raKe tinonamata. Amen.

<sup>109</sup> Zvakangonyorovera, kwechinguvana. Ivai mukuremekedza.

Zvinyoro-nyoro uye zvakapfava Jesu ari  
kudana,  
Kudanira iwe uye ne . . .

Patiri kuimba zvino, zvinzvere.

. . . paMusuwo Akamirira uye akatarira,  
Kutarira iwe uye neni.

Huya kumusha . . . (Kupi? Huya kumusoro,  
huya kwakakwirira.)

Imi makarukutika, huyai kumusha;  
Mukupera, nemuhunyororo, Jesu ari kudana,  
Kudana, O mutadzi, huya kumusha!



[Hama Branham vanoimba mahon'era *Zvinyoro-nyoro uye Zvakapfava—Mupepeti*]

<sup>110</sup> Oo, haingave nguva inoshamisira here kuti zviitike iye zvino! Oo, zvakanaka, chero nguva zvayo Anenge akagadzirira. Amen! Ndinofara zvikuru kuMuziva. Ndinofara kwazvo kuti mutumbi uno wekare usina simba, uri kusvava kumusoro kuno, uhashandurwa muchinguvana, mukubwaira kweziso. Ndichadzokera kuva mujaya zvakare, kunorarama nekusingaperi.

Vakuru vachava vaduku ikoko nekusingaperi,  
Vashandurwa kamwe-kamwe;  
Vasingafe, vachamira mumufananidzo waKe,  
Nyeredzi nezuva vachazvidarika pakupenya.

Mukana wakadini! UsaMufuratira.

Oo, madiro auchaita kuti Ati, “Wakaita  
zvakanaka,”  
PaZuva iroro raZiyendanakuenda!  
Usafuratira Muponesi Anodikanwa kubva  
mumoyo mako,  
UsaMufuratira. (Rega huno huve husiku  
hwacho.)

<sup>111</sup> Vangani vanoMuda nemoyo wenyu wese, uye makagadzirira kana akanzi iYe auya? Oo, tinotenda zvikuru! Haunzwe here sekunge wanyatsokweshwa zvino, mukati? Evhangeri, tashambidzwa nemvura yeShoko. Ingotambanudzwa ruoko kune ari padivi pako, ukwazisane maoko nemumwe munhu, woti, “Mwari vakuropafadzei. Ndiri kungonzwa zvakanaka chaizvo. Mwari vakuropafadze, mufambi. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi, hama.” Tiri vanhu vari kufamba munzira.

Tiri kufamba mumugwagwa mukuru wekare,  
Ndichitaurira kwese kwandinoenda,  
Ndingasva hangu ndava Mukristu  
wechinyakare, Ishe,  
Kupfuura chero chii zvacho chandinoziva.

<sup>112</sup> Zvino tichiri munguva ino yekuremekedza, Ndinotenda kuti nguva yepera kuti tidaidze mutsara wekunamatira. Ngati... Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene wafadzwa kwazvo, nehuwandu uhwu vachiuya kuna Kristu. Zvino zviwanire chechi nekukurumidza chaiko, wobhabhatidzwa wopinda muchechi iyoyo, chechi yakanaka yakazadzwa neMweya, zvino ikoko woramba uriko chero bedzi uri mupenyu.

<sup>113</sup> Ndeapi mabasa akavimbiswa naKristu kuti Aizoita? Akati, “Mabasa aNdinoita, nemiwo muhaaitawo.” Zvino, Hupo hwaKe huri pano. Zvino, ndinoziva, shamwari, ndi—ndinoziva, pasina kana mumvuri wekupokana, kuti Jesu ari pano. Pane Murume ari pano, ndiYe Murume mumwe chete akafamba muGarireya. Ndiye Murume mumwe chete akakudzikinura

neRopa raKe, uye akakupodza nemavanga aKe. Zvino Ari pano kuti abate basa nekuita zvose zvaAkaita, nekuti ndiYe Ishe Jesu mumwe chete.

<sup>114</sup> Zvino ngatinamatei kwechinguvana, chinyararire. Ingovai mumunamatei pandiri kuedza kutsvaga pfungwa yeMweya Mutsvene.

<sup>115</sup> Saka, mumhanzi iwoyo wakanaka, vanhu vari mukutambudzika manheru ano vangadisa zvikuru kuunzwa! Vanhu zvichida vakambogara pachigaro chaugere manheru ano, vakanzwa Evhangeri, uye vakatungamira, vari mukutambudzika manheru ano, vangada sei kutora chigaro chawakagara machiri; vakasoenda kure-kure zvino.

<sup>116</sup> Ishe, iMi Makasika Matenga nenyika, iMi Makatuma Ishe Jesu vakaropafadzwa pano panyika; uye maAri maigara huzaro hweMweya. Uye Makati, kubudikidza nemiromo yaKe, “Ini ndini Muzambiringa, imi muri matavi. Iwo Muzambiringa haubereki michero pachaWo, asi matavi ndiwo anobereka muchero.” Ndinonamata, Mwari, kuti MuZviratidze manheru ano, pakati pedu, kuti vanhu ava vagoziva kuti Mharidzo ichangobva kuparidzwa, yabva kwaMuri, kuti Muri kutiyambira kuti tigadzirire, uye mazuva ekupedzisira aswedera pedyo.

<sup>117</sup> Panogona kunge paine vanhu vanorwara vagere pano, Ishe. Vapeiwo kurudziro, kuti vagone kupodzwa, nekuti tinokumbira izvi kuitira mbiri yaMwari. Zvino, Ishe, patiri kuzvipira isu kwaMuri, seChechi yaMwari mupenyu; ndichiona, ndinofunga kuti, ruoko rwese rwuri muno rwasimudzwa. Uye ndichaKukumbirai, manheru ano, Ishe, kuti mutiitire chimwe chinhu chakakosha. Uye itai iko zvino kuti vanhu ava vazvipire nenzira yekuti Mweya Mutsvene uzogona kufamba kubudikidza nemavari, nekutenda kukuru, uye kuti ndizvipire kwaMuri, uye iMi mugoshanda kubudikidza nezvipo zveNyu uye moZviratidza pakati pedu; kuti, panogona kunge paine vatorwa pakati pedu. Tinokumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>118</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]..nekuti Anogara achiratidza tsitsi kutongwa kusati kwasvika. Ndichakumbira vashumiri kuti vangoramba vari ipapo, uye vonamata. Ngatinamatei.

<sup>119</sup> Uye zvino, kunyanya, ndanga ndichiparidza, uye ndi—ndichangokumbira zvichida imi vanhu vari pano pamberi, kana chero kupi zvako kwamuri, ingotangai kutaura izvi. Bhaibheri rinotaura kuti, “Ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Saka, zvino, kana ari iYe Muprisita Mukuru aivepo nezuro, Ndiye mumwe chete nhasi; zvino kuita kwaKe kumwe chete kwaAkaita nezuro, Anoita nhasi kana ari iYe mumwe chete. Ndizvo here? Saka kana Achigona kubatwa zvino, Mubate nemanzwiro ehutera hwako, uye woMurega ataure achipindura.

120 Chimbofungai, paAkamira paungano seino rimwe zuva, pane murume akauya, ainzi Petro, kana kuti zita rake rainzi Simoni. Zvino akati, “Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJonasi. Asi, kubva zvino zvichienda mberi, uchanzi Petro.” Akazova ani? Muapostora anodikanwa.

121 Firipi paakawana Natanieri, zvino akauya, Akati, “Tarirai muIsraeri asina nduru maari,” nemamwe mashoko, “Mukristu, munhu akatendeka.”

Akati, “Ko Mandiziva sei nhai, Rabhi?”

122 Akati, “Firipi asati akudana, uri pasi pemuti, Ndakakuona.”

123 Mudzimai aiva nedambudziko reropa akauya. Ishe ndokutarisa kuungano.

124 Vaifunga kuti mabasa aKe akanga ari adhiyabhore, uye vakati mumoyo mavo, “NdiBherizebhabhu.” Zvino Akaona mifungo yavo. Ndizvo here?

125 Akati, “Handina chandinaita kusvikira Baba vaNdiratidza kutanga. Uye mabasa aNdinoita, nemiwo muchaitawo.” Saka Anofanirwa kuva, kana Achishanda muChechi yaKe, nekuda kwekuti iShoko raKe.

126 Zvino ndinoda kukubvunzai. Kana muungano ino, vangangoita vanhu 2 kana 3, Ishe vakaita kuti vave nekutenda kwakakwana kwekuti vabate nguwo yaKe, zvino iYe odzoka kuMweya waKe oita chaizvo-izvo zvaAkaita paAiva pano panyika, imi mose mungagutsikana here kuMugamuchira semupodzi wenyu? Mungadaro here? Itai, “Ameni,” kana muchidaro. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Dai Akazviita, ndiwo munamato wangu. Zvino imi kana mukangonamata. Uye kana imi . . .

127 Vangani vari kurwara vari muno vanoda kupodzwa, simudzai ruoko rwenyu. Kungori kwese hako, zvakanaka, vanhu vanorwara vanoda kupodzwa.

128 Zvino, kana paina ani zvake muchivakwa chino wandino . . . Ini hapana wandinoziva wandakatarisa.

129 Ndinofunga uyu ndiRosella agere pano, musikana mudiki aive chidhakwa, uyo akadanwa mumusangano pane imwe nzvimbo, akanga ari chidhakwa, uye vanachiremba vakanga vamutadzirira. Iye, paakadanwa naShe, musikana anoziva kuti handina kumbomuona kana kuziva nezvake. Uye Ishe vakamuudza zvose pamusoro pehupenyu hwake nechinhano chake, uye vakamuudza kuti akanga ari kuzopora. Zvino heunoi uyu manheru ano, mukombe wenyasha dzaMwari. Chidhakwa, kusvikira chiremba mushure memumwe chiremba vakanga vamutadzirira, kunyangwe veAlcoholics Anonymous. Ndinomuziva.

130 Asi, zvisinei, ndine chokwadi chekuti hama iyi yakanditarisa, igere pano chaipo yakapfeka sutu pfumbu,

ndiyo hama inotiunzira maruva. Ndinotenda ndizvo. Ndi—ndiri kutadza kufunga zita ravo zvino. Vakanga vari zasi kumba kwangu nguva pfupi yapfuura, naHama Boze; Shultz, Hama Shultz.

<sup>131</sup> Kunze kwaizvozvo, ndafunga kuti ndaona Hama Fred Sothmann nguva shoma yapfuura, pane imwe nzvimbo muchivakwa, asi ndakanganwa kuti ndepapi chaipo zvino. Zvisinei, vanga vari, vari pano pane imwe nzvimbo.

<sup>132</sup> Uye ini—ini hapana mumwezve munhu wandinoziva. Asi Mwari vanokuzivai mese. Kana mukanganamata uye mokumbira Mwari, vakuedzei kutenda kwenyu.

<sup>133</sup> Zvino pasawane munhu anofamba-famba zvino. Ivai nekuremekedza chaiko kwenguva pfupi inotevera. Zvino, *Tenda Chete*, kana mukadaro. Uye nekuremekedza kwamungagona kuva nako kwekanguvana, zvino chingogara makanyarara.

<sup>134</sup> Chingofungai, Kristu akazvivimbisa. “Kwechinguvana, uye nyika haizoNdiona zvakare; asi imi muchaNdiona, nekuti Ini...” (“Ini,” kwete mumwe. *Ini* chisazitasingwi.) “. . .Ini ndichange ndinemi kusvika kumagumo enyika. Zvinhu zvaNdinoita, muchazviitawo, zvakare.” “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Ichokwadi here? Chinofanira kuva chokwadi.

<sup>135</sup> Zvinoka, ndinotenda Ishe zvikuru. Ndinga. . .Munogona kusimudza misoro yenu kana muchida henyu.

<sup>136</sup> Pano apa pakona chaipo, pane mudzimai akagara pakona apa chaipo. Mudzimai wechitema. Amai, handikuzivei. Mwari vanokuzivai. Asi hecho Chiedza chiya chiri pamusoro chaipo pemudzimai uyu zvino. Ane. . .Kana Ishe vakazarura kwandiri zviri dambudziko renyu, nezvamuri kunamatira, mungatenda here kuti ndiIshe Jesu vari kuzokubatsirai? Munofanira kunge muri mudambudziko, kana chimwe chinhu chamuri kushuvira, nekuti heChoka icho.

<sup>137</sup> Munoono, shamwari, unoti, “Asika, ini handisi kuChiona.” Zvinogoneka kuti hauChione. Ndakatarisa paChiri chaipo. Maona? Unoti, “Zvakanaka, Hama Branham, kana muchiChiona nepfungwa dzenyu, ndinokwanisawo, zvakare.” Oo, kwete.

<sup>138</sup> Pauro akaChiona, Jesu ari muchimiro cheChiedza, uye avo vaaiva navo havana kuChiona. Maona? Vachenjeri vakaona Nyeredzi yacho, Chiedza chakavatungamirira, asi hapana mumwezve munhu akaChiona. Zvakangopihwa kune vamwe. Zvipo izvi.

<sup>139</sup> Mudzimai ane dambudziko re sinus. Ndizvozvo. Mune dambudziko remoyo zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Teererai, zita renyu ndi, vanokudanai kuti “Essie.” Um-hum. Zita renyu rekupedzisira ndiUpshire. Um-hum, um-hum. Munogara muna North Cleveland Street. Kero yenu ndi 1264. Ndizvozvo

chaizvo. Yenyu. . . Mabata chimwe Chinhu, amai. Munozviziva kuti hamuna kumbobata inini.

<sup>140</sup> Musikana uyo akagara pedyo nemi ipapo, ari kunamatawo, zvakare. Uye ari kunamatirawo mumwe munhu, uye ndiamai vako, uye vane zvisina kumira zvakanaka mumapapu avo. Uye une humwe hukama nemudzimai uyu ari *apa*. Uri muroora wake. Uye zita rako ndi Margaret. Ndizvozvo. Uye munogara panzvimbo imwe chete. Ndiri kukuonai muchiuya, uye muchipinda.

<sup>141</sup> Munofungei nezvazvo, changamire, murume anotevera akagara apo? Munotenda here Jesu Kristu kuva Mwanakomana waMwari? Munotenda? Kana Ishe vakazarura kwandiri kuti dambudziko renyu nderei, mungaVagamuchira here? Mune dambudziko remudumbu. Ndizvozvo chaizvo. Kana zviri izvo, mirai netsoka dzenyu. Ndizvozvo. Muri muparidzi.

Zvinoka, muri kuti, “Atarisa zvipfeko zvake zvehufundisi.”

<sup>142</sup> Zvakanaka, kunze kwaizvozvo, mumwe munhu ari kutarisira kuti muri muPresbyteriani, asi muri muparidzi wechiPentekosti. Ndizvozvo chaizvo. Amen. Kuhuta-huta kwenyu ndiko kwakaita ronda renyu remudumbu. Raenda. Endai kumba munopora, hama. Amen.

Ivai nekutenda muna Mwari. Musangopokana chete.

<sup>143</sup> Munofungei, mugere apa chaipo? Hongu. Uh-huh. Munotenda here? Munotenda here kuti ndiri muranda waMwari? Kana kuti, munoda chimwe chinhu kubva kuna Mwari? Kana Mwari vakazarura kwandiri zvamuri kuda, mungatenda here kuti cheMweya chiri kuitwa? Munozvitenda here, chaizvo-izvo zvaizotaurwa naJesu? [Hanzvadzi inoti, “Nemoyo wangu wese.”—Mupepeti] Nemoyo wenyu wese. Mune chibundu, uye chibundu ichi chiri pahudyu yenyu. Ndizvozvo chaizvo. Uye mune dambudziko remudumbu zvakare. Rakakonzerwa nechinhano chekuchuta-huta. Ndizvozvo. Uh-huh. Zita renyu ndiEva May. Readman ndiro zita renyu rekupedzisira. Munogara mune mumwe mugwaga, 1378 West 13th Street. Ndizvozvo.

Kuti muzive kuti ndiri muranda waMwari, uyo mwanasikana wenyu mudiki akagara apo. Muri kuda kuti anamatirwe. Musikana muduku uyu anobuda ropa, uye zvinouya paari paanofarisa kana kuti paanotanga kuchema zvakananyisa. Izvi iZVANZI NAJEHOVHA.

Mukomana mudiki uyo ihanzvadzi yake. Ndizvozvo. Mukomana mudiki, zvakare, wamunodawo kuti anamatirwe. Anonetseka nekufufutirwa, uye akarasikirwa nehuremu hwakanyanya munguva pfupi yakapfuura, zvakare. Haana here? IZVANZI NAJEHOVHA.

<sup>144</sup> Mudzimai wechichena akagara pedyo nemi, anoita seakavhiringika nekuda kwechimwe chinhu. Munotenda

here, hanzvadzi? Munotenda here kuti Mwari vakatuma Mwanakomana waVo, Jesu Kristu, kuti azivise kuchizvarwa cheMarudzi kuti Ari kuuya nenguva isipi? Mune dambudziko renhengo yemukati ramuri kunetseka naro, zvakarewo nedambudziko reura, uye munohuta-huta. Hamusi vemuguta rinowo, zvakare. Munobva kuDetroit. Nhamba yenyu, kwamunogara, ndi 12134 Fandler Street. Ndizvozvo chaizvo. Detroit, Michigan. Muri muTariyana. Zita renyu ndiViola P-o-l-o-m-...Polomba. Uh-huh. Ivai nekutenda muna Mwari, uye mugamuchire zvamunokumbira.

<sup>145</sup> Munonofungei, zasi nenzira iyi? Munotenda nemoyo wenyu wese here?

<sup>146</sup> Ko imi, mudzimai muduku akagara apo? Munotenda here nemoyo wenyu wese, mudzimai muduku ari kumucheto uko? Zvakanaka, chero mumwe wenyu, hazvina basa. Munofungei, imi apo, muri parutivi pavo chaipo? Munotenda nemoyo wenyu wese, mai vadiki vagere, vakanditarisa? Munofungei nezvazvo? Munotenda here kuti Ishe Jesu vanozokupodzai patsinga dzinozvimba dzamuinadzo? Munotenda? Pamwe mungafunga izvi, mungatenda zvakanyanya ndikakuudzai kuti murume wenyu anga ane dambudziko renzeve. Maidawo kuti anamatirwe. Ndizvozvo chaizvo. Uh-huh. Zvino munonditenda here? Manga musiri kuzvibata, pekutanga. Zvaita sekukupeputsai, izvozvo, nekuti magamuchira kupodzwa kwenyu ipapo.

<sup>147</sup> Masimudza ruoko rwenyu, vari parutivi rwavo, amai. Munofungei nezvazvo? Munotenda here kuti Mwari vanokupodzai? [Hanzvadzi inoti, “Ndinoziva kuti Vanogona.”—Mupepeti] Muchapora? Zvakanaka, zvino arthritis yenyu ichakusiyai. Munogona here kutenda? Huh?

<sup>148</sup> Mafungei, changamire, imi maninira maoko enyu? Munotenda here kuti Mwari vanokupodzai padambudziko renyu remoyo, vokuitai kuti muite zvakanaka? Munotenda kuti Vanozviita here?

<sup>149</sup> Imi, makagara, makavatarisa ipapo, munotendawo here, zvakare? Munoda kuti Mwari...Manga muine dambudziko remoyo, zvakare. Manga musina here? Hongu. Uye manga muine chirwere cheshugawo, zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Zvino munogona kuva nazvo.

Hamutendi here? Ivai nekutenda muna Mwari!

<sup>150</sup> Chii pasi apa? Imi, changamire, mugere apo kumucheto kwechigaro, munotenda here? Munofanira. Muchangobva mukupodzwa. Manga muine dambudziko remutsoka, manga musina here? Munotenda kuti Ishe Jesu... Asi muri kunamatira mumwe munhu zvino, mukoma wenyu, uye ari kuWisconsin. Achangobva kuitwa oparesheni pamapapu ake. Hafu yacho


yakabviswa. Ndizvozvo. Munotenda here? Zvino munogona kugamuchira zvamunokumbirira.

Oo, ngarirumbidzwe Zita raShe!

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,  
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;  
Ipai mbiri kwaAri imi vanhu vose,  
Nekuti Ropa raKe rakasuka gwapa rose zvaro.

<sup>151</sup> Ishe vakaropafadzwa, tichaKuonai rimwe zuva muchiuya uko kuMatenga. Tinoziva kuti Muri pano zvino muMutumbi wemweya, MaZvizivisa zvakakwana kwatiri. Nyika haigone kuzviverenga izvozvo, Ishe. Hatitombozvtarisira kuti idaro, nekuti Makati, “HavachazomboNdiona zvakare.” Asi tinoziva kuti Mune vana vanokwanisa kuKuonai. Tine vana vanoKuzivai. Uye tinotenda nekuda kwazvo.

<sup>152</sup> Uye tinonamata zvino kuti Mugozadza chivakwa chino, neMweya Mutsvene mukuru, uye mugopodza munhu wese anorwara ari muno. Iye zvino Zviwanirei mbiri, Ishe. Dai vanhu varega kugara murufu, asi dai vakasimuka vagopenya, uye—uye nekupa Mwari rumbidzo nembiri. MuZita raJesu.

<sup>153</sup> Kana uchiMutenda, mira netsoka dzako uMupe rumbidzo nemoyo wako wese. Uye ufare muna Ishe Jesu, nekuti iYe zvino anopodza mumwe nemumwe wenyu, kuitira kubwinya kwaKe kukuru kwaMwari. Ishe Vakuropafadzei. Amenii. 

*CHINYORWA PAMADZIRO* SHO58-0108  
(The Handwriting On The Wall)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Ndira 8, 1958, paLane Tech High School muChicago, Illinois, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)